# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
15.12.1997-ж. №287/1

## ҚАЛАЛЫҚ ЖОЛАЎШЫЛАР ТРАНСПОРТЫ ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
29.08.2007-ж. 141/III-санлы ҚР Нызамы
22.05.2010-ж. 31/II-санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Усы нызамның мақсети**

Усы нызамның мақсети, Қарақалпақстан Республикасында қалалық жолаўшылар транспорты жумысының ҳуқықый тийкарларын қәлиплестириў болып табылады.

**2-статья. Қалалық жолаўшылар транспорты ҳаққында ҳәм усы Нызамның ҳәрекет етиў саласы туўралы**

Қалалық жолаўшылар транспорты ҳаққында нызам актлери усы Нызамнан ҳәм басқа да нызам актлеринен ибарат болады.

Усы нызамның ҳәрекети қалалық ҳәм республикалық, районлық бағыныўдағы қалалардағы, сондай-ақ қалалық пос§лкалардағы қалалық жолаўшылар транспорты субъектлерине таралады.

**3-статья. Қалалық жолаўшылар транспорты түсиниги**

Қалалық жолаўшылар транспорты дегенде, Қарақалпақстан Республикасының аймағында дизимге алынған, қала шеклериндеги жолаўшылар ҳәм багаж тасыў ушын арналған автомобил ҳәм электр транспорт қураллары түсиниледи.

**4-статья. Қалалық жолаўшылар транспортының меншик түрлери**

Қалалық жолаўшылар транспорты жәмийетлик, жеке меншик ямаса меншиктиң басқа түрлери тийкарында ислеўи мүмкин.

**5-статья. Қалалық жолаўшылар транспортының түрлери**

Қалалық жолаўшылар транспортына автобуслар, киши сыйымлықтағы автобуслар, троллейбуслар, маршрутлы ҳәм линиялық таксилер киреди.

Автобуслар, тралейбуслар ҳәм маршрутлы таксилер белгили бир маршрутлар бойынша, ҳәрекет кестесина муўапық, белгиленген тарифке сәйкес төлем менен жолаўшылар тасўды әмелге асырады.

Линиялық таксилер жолаўшылардың талаплары тийкарында таксометрдиң (есаплағыштың) көрсетиўи бойынша төлемлердиң есабынан тасыў хызметлерин көрсетеди.

**6-статья. Ведомстволық жолаўшылар транспорты**

Ведомстволық жолаўшылар транспортына кәрханалардың, мәкемелердиң ҳәм шөлкемлердиң өз хызметлерин белгили бир маршрут ҳәм ҳәрекет кестеси бойынша алып барыўшы усы кәрхана, мәкеме ямаса шөлкем тәрепинен белгиленгентәртипте яки тасыў шәртнамасына муўапық тасыў хызметлерин көрсетиўши автобуслары ҳәм микроавтобуслары киреди.

Ведомстволық жолаўшылар транспорты-қалалық жолаўшылар транспортын басқарыў уйымы менен дүзилген тасыў шәртнамасы тийкарында жолаўшылар тасыў ушын пайдаланылыўы мүмкин. Бул жағдайларда қалалық жолаўшылар транспорты ҳаққында нызам актлериниң режелери ведомстволық жолаўшылар тасыў транспортына таралады.

**7-статья. Жолаўшы тасыў шәртнамасы**

Қалалық жолаўшылар транспортында жолаўшылар тасыў иси тасыў шәртнамасы тийкарында әмелге асырылады.

Жолаўшы тасыў шәртнамасы жәмийетлик шәртнама болып есапланады.

Төмендегилер тасыў шәртнамасының тәреплери болып табылады:

тасыўшы-меншик ҳуқықы тийкарында, ямаса басқа да нызам актлери тийкарында транспорт қуралына ийе болған, қалада коммерциялық тийкарда жолаўшылар тасыў хызметин көрсететуғын ҳәм буған арнаўлы рухсатнамасы (лицензиясы) болған юридикалық тәреп; *(ҚР ЖК 29.08.2007-ж. 141/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

жолаўшы-тасыўшының хызметинен пайдаланыўшы физикалық тәреп.

Тасыў шәртнамасы бойынша, тасыўшы жолаўшыны ҳәм оның жүклерин белгиленген мәнзилге жеткериўге миннетли. Жолаўшы белгиленген жол ҳақыны, ал жүги болса, жүк тасыў ҳақысын төлеўге миннетли.

**8-статья. Тасыўшының тийкарғы ўазыйпалары**

Төмендегилер тасыўшының тийкарғы ўазыйпалары болып табылады:

пуқаралардың тасыўға болған талапларын қанаатландырыў;

қалалық жолаўшылар транспортының белгиленген тәртипте жумыс ислеўин шөлкемлестириў;

жолаўшыларға хызмет көрсетиў сапасын ҳәм мәдениятын жақсылаў;

жолаўшылардың өмириниң ҳәм ден саўлығының қәўипсизлигин, транспорт қураллары ҳәрекетиниң қәўипсизлигин, сондай-ақ қоршап турған орталықты қорғаў талапларының орынланыўын тәмийинлеў.

**9-статья. Қалалық жолаўшылар транспортының жумысын мәмлекетлик тәртиплестириў**

Мәмлекетлик қалалық жолаўшылар транспортының жумысын лицензиялаў, салық өндириў, кредитлер бериў, қаржыландырыў ҳәм баҳа белгилеў, инвесиция, бирден бир илимий-техникалық сиясатты әмелге асырыў, сондай-ақ нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да усыллар менен тәртиплестириледи.

**10-статья. Қалалық жолаўшылар транспортын мәмлекетлик басқарыў**

Қалалық жолаўшылар транспортын мәмлекетлик басқарыў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, орынлардағы жергиликли ҳәкимият уйымлары, сондай-ақ Министрлер Кеңеси арнаўлы ўәкиллик берген қалалық жолаўшылар транспортын басқарыў уйымы тәрепинен әмелге асырылады.

**11-статья. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қалалық жолаўшылар транспортының жумысын тәртиплестириў ҳәм басқарыў саласындағы ўәкилликлерине төмендегилер киреди:

раўажландырыў ҳәм илимий-техникалық изертлеўлер жүргизиў мәселелеринде мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыў;

лицензиялаў тәртибин белгилеў;

кредитлер бериў, қаржыландырыў ҳәм инвестициялар саласында алдыңғы бағдарларды анықлаў;

мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў программаларын дүзиў ҳәм избе-из әмелге асырыў;

халықаралық шәртнамалардың орынланыўын тәмийинлеў ҳәм мәмлекетлер аралық байланысларды раўажландырыў;

нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыў.

**12-статья. Орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының ўәкилликлери**

Орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының қалалық жолаўшылар транспортының жумысын тәртиплестириў ҳәм басқарыў саласындағы ўәкилликлерине төмендегилер киреди:

раўажланыўдың тийкарғы бағдарларын белгилеў ҳәм комплексли регионаллық бағдарламаларды тастыйықлаў;

халыққа транспорт хызметин көрсетиў ҳаққында қалалық жолаўшылар транспортын басқарыў уйымы менен шәртнама дүзиў ҳәм транспорт ҳәрекетин шөлкемлестириў жобасын тастыйықлаў;

жол қойылатуғын шеклердеги тарифлерди белгилеў ҳәм олардың сақланыўы үстинен қадағалаўды шөлкемлестириў;

жолаўшылар станцияларын, бәндирги, ҳәм диспетчерлик пунктлерди, басқа да объектлерди жайластырыў, қурыў ҳәм абаданластырыў мәселелерин шешиў;

жолаўшы тасыў хызметлериниң сапасын қадағалаў;

қалалық жолаўшылар транспорты ҳәрекет етиўши автомобил жолларын ҳәрекет қәўипсизлиги талаплары дәрежесинде сақлаў;

нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыў.

**13-статья. Қалалық жолаўшылар транспортын басқарыў уйымының ўәкилликлери**

Қалалық жолаўшылар транспортын басқарыў уйымының ўәкилликлерине төмендегилер киреди:

тасыў хызметин көрсетиўшилер менен шәртнамалар дүзиў ҳәм олардың жумысын байланыстырыў;

барлық түрдеги қалалық жолаўшылар транспортының белгиленген тәртипте жумыс ислеўин тәмийинлеў;

бирден-бир техникалық сиясат жүргизиў;

барлық түрдеги қалалық жолаўшылар транспорты жумысларын раўажландырыў ҳәм жолаўшыларға хызмет көрсетиў системасын жетилистириў, оларға көрсетилетуғын хызметлердиң көлемлерин ҳәм түрлерин кеңейтиў бойынша комплексли иләжлар ислеп шығыў ҳәм оларды әмелге асырыў;

жолаўшыларға хызмет көрсетиў тәртибин ҳәм қәделерин белгилеўши нормативлик ҳүжжетлер ислеп шығыў;

автобуслар, тролейбуслар, маршрутлы таксилерде, басқа да жолаўшылар тасыў қуралларында жолаўшылар тасыў маршрутларын ҳәм ҳәрекет кестелерин тастыйықлаў;

жолаўшылардың ҳуқықларының тәмийинлениўин қадағалаў;

қалалық жолаўшылар транспорты субъектлери ушын бирден-бир билет системасын енгизиў, жол билетлерин, карточкаларды, сондай-ақ пуқаралардың айырым категорияларына транспортта жеңиллик берилиў менен жүриў ҳуқықларын беретуғын ҳүжжетлерди таярлаў;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыў.

**14-статья. Қалалық жолаўшылар транспортының жумысын лицензиялаў**

Қалада жолаўшылар тасыў арнаўлы рухсатнама (лицензия) тийкарында әмелге асырылады.

Қалада жолаўшылар тасыў ушын лицензия бериў ҳәм оны қайтарып алыў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Министрлер кеңеси тәрепинен белгиленеди.

**15-статья. Қалалық жолаўшылар транспортының жумысын қаржыландырыў**

Қалалық жолаўшылар транспортының жумысын қаржыландырыў, тасыўшылардың дәраматлары, өз инвестициялары ҳәм сырт ел инвестициялары, бюджет дәреклери ҳәм басқа да дәреклер есабынан нызам актлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Қалада жолаўшылар тасыў саласындағы илимий-изертлеў жумыслары, әдетте мәмлекетлик бюджет есабынан әмелге асырылады.

Жолаўшылар станцияларын, бәндирги ҳәм диспетчерлик пунктлерди жойбарлаў, қурыў, абаданластырыў ҳәм сақлаў, сондай-ақ жаңа тролейбус жолларын қурыў жергиликли бюджет есабынан әмелге асырылады.

Қалалық жолаўшылар транспорты тасыўшыларының жол қойылатуғын шеклердеги тарифлер бойынша жолаўшылар ҳәм жүклерин тасыў хызметлерин көрсетиўге байланыслы көрген зыянлары Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленген тәртипте тийисли жергиликли бюджет есабынан өteледи.

Айырым категориялардағы пуқараларды транмпортта жеңиллик берип тасыў мәмлекетлик бюджет есабынан әмелге асырылады.

**16-статья. Қалалық жолаўшылар транспортында жол ҳақы төлеў**

Қалалық жолаўшылар транспортында жолаўшылар ҳәм жүклерин тасыў ҳақысын төлеў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер кеңеси тәрепинен жол қойылатуғын шеклердеги белгиленген тарифлер бойынша әмелге асырылады.

Қалалық жолаўшылар транспортында жолаўшылар ҳәм олардың жүклерин тасыўдың жол қойылатуғын шеклердеги тарифлери дәрежеси экономикалық тийкарланған тасыў қәрежетлеринен ҳәм жолаўшылар тасыў хызметлерине болған талаптан келип шығып белгиленеди.

Линиялық таксилерде жүклерди тасыў ҳақысы алынбайды.

17-статья. Салықлар ҳәм жеңилликлер *22.05.2010-ж. 31/II-санлы Нызамы менен алып тасланған*

**18-статья. Қалалық жолаўшылар транспорты қуралларын басқарыў ҳуқықы**

Қалалық жолаўшылар транспорты қуралларын басқарыў ҳуқықы тийисли маманлыққа ийе болған ҳәм медициналық тексериўден өткен адамға бериледи

Жолаўшылар транспортын басқарыўға байланыслы маманлық талаплары ҳәм медициналық тексериўден өтиў тәртиби нызам актлери менен белгиленеди.

**19-статья. Маршрутларды шөлкемлестириў. Жолаўшылар станциялары, бәндирги ҳәм диспетчерлик пунктлер**

Орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳәм қалалық жолаўшылар транспорты жумысларын басқарыў уйымлары, халықтың талапларына қарай

маршрутлық тармақларды ҳәм қалалық жолаўшылар транспортының ҳәр қыйлы түрлерин, олардан нәтийжели пайдаланыўды нәзерде тутып, олардың жумысларын раўажландырыўды тәмийинлейди.

Маршрутларды шөлкемлестириў, соның ишинде жаңа маршрутлар ашыў ҳәм ҳәрекет етип турғанларын өзгертиў, жолаўшылар станцияларының, бәндирги ҳәм диспетчерлик пунктлердиң жайласатуғын орынларын белгилеў қалалық жолаўшылар транспортын басқарыў уйымы тәрепинен орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары менен келисилип әмелге асырылады.

Жолаўшылардың, соның ишинде майыплар ҳәм балалы жолаўшылардың транспорт қуралына миниўи ҳәм түсиўиниң қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде жолаўшылар станцияларының ҳәм бәндирги пунктлериниң аймағында үскенеленген перронлар болыўы тийис.

Жолаўшылар станцияларында ҳәм бәндирги пунктлеринде халыққа хызмет көрсетиў объектлери жайластырылыўы мүмкин. Бунда жолаўшылар өмири ҳәм ден саўлығы қәўипсизлиги ҳәм транспорт ҳәрекети қәўипсизлиги тәмийинлениўи тийис. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жолаўшылар станциялары, бәндирги ҳәм диспетчерлик пунктлери усы иүрдеги қурылысларға қойылатуғын санитариялық ҳәм техникалық талапларға жуўап бериў, заманагөй көриниске ийе болыўы тийис.

**20-статья. Қалалық жолаўшылар транспортының ҳәрекет кестеси**

Қалалық жолаўшылар транспортының ҳәрекети тасыўшы тәрепинен қалалық жолаўшылар транспортын басқарыў уйымы тастыйықлаған ҳәрекет кестесине муўапық шөлкемлестириледи.

Барлық жолаўшылар станцияларында, ақырғы ҳәм бәндирги пунктлеринде маршруттың аты, тәртип саны ҳәм ҳәрекеттиң интервалы ҳаққында мәлимлеме жайластырылады.

**21-статья. Қалалық жолаўшылар транспорты қуралларын қойылатуғын талаплар**

Қалалық жолаўшылар транспорты қураллары қәўипсизлик, мийнетти қорғаў, экология талапларына, сондай-ақ стандартлар ҳәм техникалық шәртлерге, медициналық-санитариялық ҳәм өртке қарсы нормаларға муўапықлық сертификатына ийе болыўы тийис. Транспорт қураллары нызам актлеринде белгиленген тәртипте дизимнен өткерилген болыўы тийис.

Сертификатластырыўдан өтпеген ҳәм белгиленген тәртипте дизимге алынбаған транспорт қуралларын пайдаланыўға жол қойылмайды.

Жолаўшылар транспортын сертификатластырыў тәртиби Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

Қалалық жолаўшылар транспортының салонында ҳәрекет маршруты, жолаўшы ҳәм жүклерин тасыў баҳасы ҳаққында, сондай-ақ басқа да зәрүрли мәлимлемелер болыўы тийис.

Тасыўшы, қалалық жолаўшылар транспортында майыплар ҳәм балалы жолаўшылар ушын зәрүрли қолайлықларды жаратады.

Линиялық таксилерде жол ҳақыны анықлаў ушын (таксометр), есаплаўшы арнаўлы танып алыў белгилери ямаса басқа да жеңил автомобиллерден айырып туратуғын белгилери болыўы тийис.

Линиялық таксилер ушын бирден-бир белгилер Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

## 22-статья. Қалалық жолаўшылар транспортында рекламалар

Тасыўшылар юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң рекламасын транспорт қуралларында нызам ҳүжжетлери менен белгиленген тәртипте жайластырады.

## 23-статья. Қалалық жолаўшылар транспорты тасыўшысының миннетлери

Тасыўшы:

қалада жолаўшылар тасыў ислерин орынлаў ушын лицензияға ийе болыўға;

жолаўшылар тасыўдың белгиленген қәделерин сақлаўға;

жолаўшылардың өмири ҳәм ден саўлығының қәўипсизлигин тәмийинлеўге;

мийнетти қорғаў, өрт қәўипсизлиги, өндирислик санитария ҳәм экология талапларын орынлаўға;

ҳәрекет қәўипсизлигин, қала жолаўшылар транспортынан техникалық пайдаланыў ҳәм оны ислетиў қәделеринин сақланыўын тәмийинлеўге;

пуқаралардың айырым категорияларын жеңилликлер берип тасыўды әмелге асырыўға;

нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да талапларды орынлаўға миннетли.

Тасыўшының белгиленген маршруттан өз бетинше шетлеп кетиўи, ҳәрекет кестесин сақламаўы ҳәм жолаўшыларға нызам актлеринде нәзерде тутылмаған қандай да бир талаплар қойылыўы қадаған.

## 24-статья. Жолаўшылардың ҳуқықы

Жолаўшылар:

қалалық жолаўшылар транспортының қәлеген түринен пайдаланыў;

жолаўшылар станцияларынан ҳәм бәндирги пунктлеринен пайдаланыў;

өзлери менен бирге жети жасқа дейинги балаларын бийпул алып жүриў;

көлемлери белгиленген муғдардан аспайтуғын, салмағы жигирма килограмнан артық болмаған қол жүгин бийпул алып жүриў;

белгиленген тарифлер бойынша ҳақы төлеп, жүк алып жүриў;

өмирин ҳәм ден саўлығын жеке қамсызландырыў ҳаққында ықтыярлы түрде шәртнама дүзиў;

жолаўшылар станцияларының ҳәм ақырғы диспетчерлик пунктлердиң диспетчерлеринен қалалық жолаўшылар транспортының жумысы ҳаққында мәлимлеме алыў;

нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да ҳуқықлардан пайдаланыў ҳуқықына ийе.

**25-статья. Жолаўшылардың миннетлери**

Жолаўшылар:

жолаўшылар тасыўдың белгиленген қәделерин сақлаўға;

жол ҳақы ҳәм жүклерин тасыў ҳақысын өз ўақтында төлеўге, билетти мәнзилине жеткенге дейин сақлаўға ҳәм оны қадағалаўды әмелге асырыўшы адамлардың талабы бойынша көрсетиўге;

транспортта жеңилликлер менен жүриў ҳуқықын тастыйықлаўшы ҳүжжетлерди көрсетиўге;

қалалық жолаўшылар транспортынан пайдаланғанда тазалық ҳәм тәртипти сақлаўға, тасыўшылардың үскенелерине ҳәм мүлкине итиятлы қараўға;

нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да талапларды орынлаўға миннетли.

Жолаўшылардың өрт қәўипин туўдырыўшы, жарылыўшы, зәҳәрлеўши, уўлы, радиоактив затларды, сондай-ақ қаплаўсыз оқ атыў қуралын, шаншылатуғын ҳәм кескир нәрселерди алып жүриўлери қадаған етиледи.

**26-статья. Қалалық жолаўшылар транспортында жеңилликлер менен жүриў**

Айырым категориялардағы пуқараларға нызам актлери менен қалалық жолаўшылар транспортында жеңилликлер менен жүриў ҳуқықы белгиленеди.

Транспортта жеңилликлер менен жүриў ҳуқықын пайдаланатуғын жолаўшылардың қол жүги ҳәм жүк алып жүриўи улыўма тийкараларда әмелге асырылады.

Транспортта жеңилликлер менен жүриў ҳуқықын беретуғын ҳүжжетлери бойынша кетип баратырған жолаўшылар ушын қалалық жолаўшылар транспортында ҳәрекет етип турған тасыў қәделери миннетли болып табылады.

**27-статья. «Қалалық жолаўшылар транспорты ҳаққында» Нызам актлерин бузғаны ушын жуўапкершилик**

«Қалалық жолаўшылар транспорты ҳаққында»ғы Нызам актлерин бузған адамлар нызамда белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

Билетлерди, жол карточкаларын ҳәм қалалық жолаўшылар транспортында жеңилликлер менен жүриў ҳуқықын беретуғын ҳүжжетлерди қолдан ислегени ушын жуўапкершилик нызам актлери менен белгиленеди.